1945 ТекIуэныгъэ Иным и махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу! 2011

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№81 (21.989) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ Ищхъэрэм сом мелард 50 хухах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьынымкIэ пэщIэ IуахуэмкIэ правительственнэ комиссэм и зэIущIэу УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир ЕсэнтIыгъ къалэм щригъэкIуэкIам.

МЫБЫ щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным хуэунэтIа къэрал программэм и проектым. Абы и купщIэ нэхъыщхьэр Кавказыр зэпымыуэ щыхьэрэзехьэ, щыхьэзауэ щыналъэу зэрытрагъэIуэкIар зэкъуэкIынырщ, ди щIыналъэр зыхуэбгъэзэн щымыIэ рекреащ щIыпIэу зэрыщытыр псомэ зэхегъэщIыкIынырщ. Абы къыхэкIыу мы программэм и IыхьэкIэ нэхъыщхьэр зытеухуар Кавказ Ищхъэрэм туризмымрэ курортхэмрэ зыщегъэужьынырщ.

«Мы программэм къызэригъэпэщын хуейщ щIыналъэм щыIэ социально-экономикэ гугъуехьхэр дзгъэкIынырщ. Кавказ Ищхъэрэм хьэрычэтыгъэ Iуэхуэм зыщегъэужьынырщ, иджырей лэжьапIэ Iэнатlэхэмрэ социальнэ инфраструктурэмрэ зэгегъэувэнырщ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIынырщ», - къыхигъэщхьэкIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым.

Абы къыхэригъэпэщын хуейщ щIыналъэм щыхьэрэзыгъэпэщ Iуэхуэ щыIэ мы щIыналъэм щыпсэухэм я Iуэхур зэрефIакIуэр зыхегъэщIэным. «Кавказ Ищхъэрэм хьэрычэтыщIэ Iуэхум зыщегъэужьыным хуэунэтIащ къэрал шэсыпIэхэр кьыхэгъэпэщынырыр: абы нэрыльагъуу игъэмэщIэн хуейщ мы щIыналъэм щагъэзащIэ проект нэхъыщхьэхэм инвест орэм трагъэкIуадэ ахьшэр яфIэкIуэдынымкIэ щыIэ щынагъуэр», - жиIащ Правительствэм и Унафэщым. Абы къигъэлъэгъуащ 2011 гъэм къэрал шэсыпIэхэм япкъ иткIэ Кавказ Ищхъэрэм сом мелард 50 хухэхьным и Iуэхуэкъ Правительствэм и унафэм иджыблагъэ Iэ зэрыщIидзар.

«Дэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер компанием лэжьыгъэшхэр иригъэкIуэкIыну дыщогуть - Кавказым щыIэ турист щIыналъэ хэжаэ хьым проектхэр щызыгъэзащIэнур аращ», - и псалъэм и кIэухыу жиIащ Путин Владимир.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 7, *щэбэт*

♦2008 гъэм Медведев Дмитрий УФ-м и Президент къудыкъым пэрыуващ.

♦**Радиом и махуэщ - радиом, телевиденэм, связым зэдаIэ махуэщ**

♦**Астрономиемрэ и дунейпсо махуэщ**

♦Накъыгъэм и 7-8-хэм Джакартэ (Индонезие) щыIэхэтынущ Ипщэ- КъуэкIыпIэ Азиеми и къэралхэм я зэгухьанигъэм хэт къэралыгъуэхэм я унафэщIхэм я 18-нэ зэIущIэ.

♦Эквадорым и Конституцием зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр теухуа референдум екIуэкIынущ.

♦1895 гъэм урыс инженер Попов Александр япэ радиоприемник къигупсысащ.

♦1927 гъэм КъабардейБалъкъэр радиом и япэ нэтынхэм щIидзащ.

♦1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и езанэ нагъыщIэр къыхуагъэфащащ.

♦1990 гъэм КъБР-м Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр къыщыщIэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык уэшх къыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 13, жэщым градус 11 щыIэнущ.

Накъыгъэм и 8, *тхьмахуэ*

♦**Словакиемрэ Чехиемрэ я къэрал гуфIэгъуэщ** - 1945 гъэм я щIыналъэм фашизмыр ирагъэкIэбзыкIащ.

♦**Жор Плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ зыхьуатIэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъэзыгъэтымкIэ актым Iэ щIадзащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык мащIэу уэшх къыщешхынущ. Хуабэу махуэм градус 13, жэщым градус 11 щыIэнущ.

Накъыгъэм и 9, *блыщхьэ*

♦**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

♦1945 гъэм «За победу над Германией в годы Великой Отечественной войны 1941 - 1945 г.г.» медалыр къыдагъэкIащ.

♦**Европэм и махуэщ**

♦ПIэшэн Республикэм и япэ президент Кадыров Ахъмэт и фэеплъ махуэщ.

♦Накъыгъэм и 9 - 12-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и пленарнэ зэIущIэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык мащIэу уэшх къыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 13, жэщым градуси 8 щыIэнущ.

Накъыгъэм и 10, *гъубж*

♦**Адэм и махуэщ.**

♦**Израиль къэралыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - 1948 къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Франджым пщыIыгъэр щакъутэжа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык мащIэу уэшх къыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 10, жэщым градуси 9 щыIэнущ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къэралыгъуэм бзыпхъэ трах.

●Хъуэжу

Радиом, телевиденэм, связым я лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ дохъуэхъу я Iэнатlэхэм пэрыт ди хэкуэгъу псомэ. Ди гуапэщ фыкъэнышэу, екъулIэныгъэ, дзрэжэгъуэ фи бзу, фи унагъуэхэм зэгурыIуэрэ зэIузэпащIэрэ иIыу, вгъэIун, вгъалъэгъуэн хъыбарыфIхэм фыщыкъыщIу иIъэс куэдкIэ фыпсэунэу!

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал Iуэхущ1ап1э и унафэщI **КЪУМАХУЭ Мухьэдин,**

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.**

ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэр цIыхуэм

ЗЭРЕХЪУЭХЪУР



Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэу пщIэ зыхуэщIэх!

Ди ветеран лъапIэхэ!

ИпэжыпIэкIэ цIыхубэ махуэшхуэр - ТекIуэныгъэм и махуэр - къоблагъэ.

Накъыгъэм и 9-м дэ догъэлъапIэ ди къэралыр зэрызэтеувэрэ абы кьыхьыкъуэкIа гуэрэхъуэ нэхъ ин дыдэр - ди Хэку и лъэпкъхэм щIыхь пылъу кьыззэранэкIа гъэунэхунытэ хьэлъэр - щиуха зэманыр.

ТекIуэныгъэр нэгъэсауэ щыщIагъэбыдащ биим и къалащхьэ зэхэкъутам. Ауэ а ТекIуэныгъэр кьыщежьащ дыщалъхуа щIыналъэр, абы Кавказ Ищхъэрэм и щIыпIэри хэту - лъыкIэ зыгъэнщIа зэхуэу щынагъуэхэм.

ТекIуэныгъэм и махуэм дэ дигу кьыдогъэкIыж Мэлгъэбэгрэ Мэздегуэрэ зыхьума, фашист ныпхэр Iуащхьэмахуэ и щыгум кьэзыдзыха, зэрыпхъуакIуэхэр Пятигорск, Грозныр, Ставрополь дэзыухуа совет зауэлIхэм я лIыхъужьныгъэр.

Дэ нобэ дигу кьэдмыгъэкIыжын тхуэзэфIжынукъым къэралым и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм биим и бгъэгъэрыкIуэныгъэ кьыззэрызэтригъэувыIар, зауэм и екIуэкIыкIэр зэрихьэжар. Зауэ Iэнатlэм зэдэIэпыкъуэу пэрытащ урысхэмрэ щэрджэсхэмрэ, къэрэшейхэмрэ осетинхэмрэ, щэщэнэхэмрэ нэгъуейхэмрэ, дагъыстэнхэмрэ ингушхэмрэ. Зауэр псоми я зэхуэдэ гуэзвэгъуэт, жажьлым щIыхуэрлъэпкъкIэ зэхигъэкьыртэкьым. Абы кьыхэкIыу ТекIуэныгъэр псоми ди зэхуэдэ екъупIэныгъэ хъуащ.

Зауэм и тхьдэм кьыхэзыхэщыкIэ, къэрал псом кьеуэлIа гуэзвэгъуэр щхьэщыхьыным куэд хащIыхьащ Кавказ Ищхъэрэм кьыщалъхуахэм. Дунай щызэпырыкIым кьигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр зыфIаща, Ставрополь щыщ Ткачев Владимир зэуапIэ Iнатlэм щыпэрыхьар Кавказырщ. Летчик, Ингушым щыщ Костоев Ширвани лIыхъужьныгъэ хэлъу Курск деж щызэуащ, Белоруссиемрэ Прибалтикэмрэ щхьэхуит къэзыщIыжьаэм яхэтащ. Къэрэшей-Шэрджэсым щалъхуа Бадахов Хьэмзэт, тIасхъэщIэхыр, Совет Союзым и ЛIыхъужьыр, Украинэм щежьэри Германием нэсащ, тIэунейрэ ар зэрыхэкIуэдам теухуа хьыбарыр кьатащ, ауэ псоми кьелащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу фронтым кIуа Йуан Хьэсэн зауэм и пэм щегъэжьауэ иухьыу хэтащ, псом япэ Одер зэпрыкIаэм ящыщщ. Дагъыстэным щалъхуа Алиев Саид Совет Армэм и фочауэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ, зауэм и япэ илъэсым и закъуэ абы фашист офицерр сэлэту 120-м щIигъу хигъэщIащ. ДзэзешэщIрыIуэ осетин Хетагуров Георгий кьыщIыхьеи махуэм щегъэжьауэ иухьыу зауэм хэтащ, япон милитаристхэр зэтезыкъутаэм яхэтащ. ЩIыхь орденым и нагъыщIэ псори зрата, ШэщэнымщIыщ тIасхъэщIэх Энгиноев Дуда биим и IыгъэщIыпIэхэм куэдрэ ихьащ икIи мыхьэнэщхуэ зиIэ хьыбархэр зыIэрэзыхьэфащ.

Ди хэкуэгъуэхэм - Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм дэ щапхъэ гъуэзэджэ кьытхуагъэнащ. Абыхэм я хахуагъэм и фIыщIэкIэ дэ нобэ къэрал щхьэхуитым мамыру дыщопсэу. Иджы ди кьалэныр ди адэшхуэхэм тыш гъэбзагъэныращ, ди щIыналъэ хьэлэмэтым мамырыгъэр щыхьумэныращ. А псори зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ!

ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

ХЛОПОНИН Александр.

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIу эныгъэр илъэс 66-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен цIыхуэхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ветеран лъапIэхэ!

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ, си щхьэкIэ сэ кьызбгъэдэкIыу си гуапэу сынывохъуэхъу 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыщытха ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ. А махуэ лъапIэм и нурыр тредзэ ди тхыдэм и напэкIуэцI куэдым. А махуэм - ди цIыхубэм я гуфIэгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэм - ирихьэлIэу дэ хэкIуэдахэм я фэеплъ мыкIуэдыжыныр дигу кьыдогъэкIыж, дяпэ ита щIэблэм зэрахьа лIыгъэ иным папщIэ кIэухьыншэу фIыщIэ яхудощI.

Дуней псом и тхьдэм кьыщымыхъуауэ гущIэгъуншэу щыта а зауэм и мафIэм имылыпщIа унагъуэ къэгъуэтыгъуейщ. Абы кьыхэкIыу дэ хэкIуэда лIыхъужьхэм ди щхьэр яхудогъащхъ икIи фронтми тылми текIуэныгъэр кьыщызэзыгъэпэща, хьэбзакъуэу, фашистхэм концлагерхэм щагъэсащ цIыху мамыр мелуанхэр. Расэ хэIэтыкIауэ зыкъэзылъытэжа нэмыщхэм езыхэм я закъуэ дунейр яни хуеиуэ ягъэувят.

Мис апхуэдэ лъапсэрых зауэт СССР-м кьращыIлар. А зэманым илъэситым нэблагъауэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр екIуэкIыр т. Инджылызри США-ри Германием пэщIэуват. Ауэ 1939 гъэм фокIадэм и 1-м а зауэм щIидзэжьнутэкъым, зи гугъу тщIа къэралитIыр Совет Союзым кьыкIуэувамэ. АращхьэкIэ лъэныкъуэхэр зэгурыIуэфакъым - Инджылызымрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ я нэхэр кьыщхьэрипхъуащ СССР-м кьыхуаIэ лъагъуныхъуныгъэм. Хэбгъэзыхьмэ, Польшэри Чехословакиери биим иращащ Гитлер Совет Союзым кьраушын папщIэ.

Ар абыхэм кьайхъуIлаIэ: сэбэн хъуакъым зыр зым темыуэну зэрызэгурыIуари. Зыри кьикIакъым зауэм щыщIидзэну пIалъэр зы илъэскIэ нэхъ мыхьуми игъэIэпхъуэну ди къэралым и Iэтащхьэ Сталин Иосиф зэрыщыгугъами.

Аращ Хэку зауэшхуэм и япэ лъэхъэнэм Гитлер и дзэхэм СССР-м щыщ щIыналъэшхуэр щIаубыдыфар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЛIэщIыгъуэхэм ядогъуэгурыкIуэ

КЪЭРАЛ кьэс иIэщ езым и тхьдэм увыпIэшхуэ щызыуфыда Iуэхуэкъэр гъэлъэпIэным егъэщIылIа махуэшхуэхэр. Апхуэдэхэр и мащIэкъым Урысей Федерацэми. ИкIи а псоми кьахолыдыкI Накъыгъэм и 9-р - лIыгъэрэ нэпскIэ гъэнщIа ТекIуэныгъэм и махуэр.

Дунейм щынэхъ ин дыдэу щыта Хэку зауэшхуэм совет цIыхухъэм кьыщагъэльэгъуащ, ауэ ТекIуэныгъэ. Ахэр езыхэм кьарукIэ куэдкIэ кьебэкI бий ерум текIуащ я псэемыблэжьныгъэм и фIыгъэкIэ.

Ди адэхэм кьытхуаIуэтэжами, деджами, дэ апхуэдизкIэ куэдым дыщыгъуазэщи, ТекIу эныгъэм и махуэм теухуауэ псори тщIэ кьытфIощI. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэныращ, ильэсхэр дэкIыкIэ, нэхъыбэм дыхогъуазэ.

Ятеухуауэ, кьыхэдгъэщынщ Хэку зауэшхуэм ехьэлIа зэхэуэ гуащIэ зыкъомыр тхыдэм щынэхъ ин дыдэу зэрыщытыр. Анэдэдэщ 1941 гъэм Москва зэрахъумар, 1942 гъэм Сталинград и деж щекIуэкIа зэпэщIэуэвэныгъэр, 1943 гъэм Прохоровкэ и деж щекIуэкIа танк зэхэуэр, икIэм-икIэ жым, фашистхэм я гъуэ Берлин кьыззэраштар. А псори кьэмыхъуа лIыгъэрэ хахуагъэкIэ гъэнщIауэ щытащ.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущым хьэщэхурыпхъуэу ди къэралым кьеIа бийр лъэщ дыдэт икIи г ущIэгъунщэт. Гитлер игурэ и щхьэрэ апхуэдизу зэтелъи, еблэлэмэ жиIэгъащ: «Дэ мы зауэм дыщытекIуэн папщIэ, Тхьэр кьыздэIэпыкъуну дыхуейкъым. Дэ Тхьэм и дэIэпыкъунигъэ гуэри дыхуэныкъуэкъым. Арыншэуи дытекIуэнущ. А псалъэхэм кьагъэльагъуэрт игъащIэм динщIэкъуу кьэгъуэгурыкIуа нэмыщIэхэр Геббельс и пропагандэм Тхьэр кьызымыдзэж хьэщхьэрыIуэ лъэпкъым зэрыхуигъэхьуар. И Iэужьхьэм дуней псор щыгъуаэзщ: псэззэпылъхьэпIэ зэхэуэхэм щыэзэтрауакIаэхэм я мы-закъуэу, фашистхэм концлагерхэм щагъэсащ цIыху мамыр мелуанхэр. Расэ хэIэтыкIауэ зыкъэзылъытэжа нэмыщхэхэм езыхэм я закъуэ дунейр яни хуеиуэ ягъэувят.

Мис апхуэдэ лъапсэрых зауэт СССР-м кьращыIлар. А зэманым илъэситым нэблагъауэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр екIуэкIыр т. Инджылызри США-ри Германием пэщIэуват. Ауэ 1939 гъэм фокIадэм и 1-м а зауэм щIидзэжьнутэкъым, зи гугъу тщIа къэралитIыр Совет Союзым кьыкIуэувамэ. АрщхьэкIэ лъэныкъуэхэр зэгурыIуэфакъым - Инджылызымрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ я нэхэр кьыщхьэрипхъуащ СССР-м кьыхуаIэ лъагъуныхъуныгъэм. Хэбгъэзыхьмэ, Польшэри Чехословакиери биим иращащ Гитлер Совет Союзым кьраушын папщIэ.

Ар абыхэм кьайхъуIлаIэ: сэбэн хъуакъым зыр зым темыуэну зэрызэгурыIуари. Зыри кьикIакъым зауэм щыщIидзэну пIалъэр зы илъэскIэ нэхъ мыхьуми игъэIэпхъуэну ди къэралым и Iэтащхьэ Сталин Иосиф зэрыщыгугъами.

Аращ Хэку зауэшхуэм и япэ лъэхъэнэм Гитлер и дзэхэм СССР-м щыщ щIыналъэшхуэр щIаубыдыфар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Хабзэ дахэм тету

ТекIуэныгъэ Иным и махуэм ирихьэлIэу, зэрыхабзэу, Налшык къалэ и Iуэхущ1ап1эхэм, утхэм щекIуэкIынущ зэхьыкъ зэхуэмыдэхэр.

НАКЪЫГЪЭМ и 7-м, сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м щидзэу, Налшык и Дубки хьэблэм дэ т ТекIу эныгъэм и стелэм и деж «Урысейм и гъащIэм си гъашIэри щыщщ» зыфIаща пэжу щекIуэкIынущ. Сыхьэти 10-м Хьэсэней (курыт еджапIэ № 16-м) щыщидзэнущ боксымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. ПэщIэдзэ профессиональнэ еджапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я гъэсэнхэмрэ хэту художественнэ творчествэмкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуахэм концерт ятынущ (Сабий творчествэмкIэ республикэ центрым кьызэригъэпэщащ). КъБКъУ-м щыхуэбзэмрэ щыхуэхьэрэмрэ я зэхьэзэхуэр кьызэщIэзыкъуэж зэIущIэ щекIуэкIынущ (сыхьэт 13 - 15-хэм).

Накъыгъэм и 8-м сыхьэти 10-м щIидзэу удз гъэгъаэр тралъхьэнущ 115-нэ шуудзэм и зауэлIэм, ТекIуэныгъэм я фэеплъэм. Апхуэдэуи а махуэм сыхьэт 12-м КъБР-м и ЛъэпкъмузейкIэ щыщIэзэIуахынущ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 66-рэ щрикъум ирихьэлIэу кьызэрагъэпэща «Зауэ илъэсхэм я тхьдэ», Сурэтыщ гъуэзджэхэм я музейм и фондым щыщ сурэтхэм кьыхаха «А махуэхэм я щIыхьыр кIуэдыжьынукъым» гъэлъэгъэныгъэхэр.

Накъыгъэм и 9-м, ТекIуэныгъэм и махуэм, сыхьэти 10-м, «МафIэ мыужьыхьым» удз гъэгъа тралъхьэнущ. Сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ ныбжьыщIэхэр кIуэнущ зауэм хэтахэм я деж. Сыхьэт 12-м Налшык и интодромым щыщIидзэнущ шыгъажэм. А зэманым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щекIуэкIынущ «Альборц» спорт фестиваль. Сыхьэт 13-м щыщIэдзауэ 14 хьэуу «Восток» киногъэлъэгъуапIэм и утым щызэхэтынущ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я щIыхубэ хорым и концертыр. Хэкум теухуа уэрэдхэр щыжаIэнущ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъапIэм и утми. Сыхьэтиплым щIидзэу Абхазым и утым ГуфIэгъуэ зэхьыкъэ кьыщыIэзрагъэпэщынущ. Театр Щхъуантlэм щекIуэкIынущ Ищхъэрэ флотым, Бэракъ Пльыжь зезыхьэм, кьафэмрэ уэрэдымкIэ и ансамблым и концерт. Абы и ужьыб пщыхьэщхьэм сыхьэти 9-м махуэшхуэ хьэрэкIыпIэкIэ драгъэльэтеинущ.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

Ветеран лъапIэхэ!

ТекIуэныгъэ Иным и махуэм аргуэру зэ фIыщIэ ин фхудощI икIи ди щхьэр фхудогъэщхъ ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр фи гъащIэм фемыблэжу зэрыфхъумам папщIэ. ЩытхъуэрэфIыщIэрэ яхуэфащащ ТекIуэныгъэр нэхъ псынщIэу кьэтхъыж папщIэ я гуащIэм емыблэжу тылым щыщIэжьахэм. Фэ зефхьа лIыгъэр илъэсищэхэр дэкIа ныжьи хахуагъэмрэ кьэмылэнджэж ерыщагъыпрэ я дамыгъэу кьэнэнущ. Узынщагъэ быдэ, гурыфIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ фиIэну дынывохъуэхъу.

Урысейм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и коллегиемрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ.

Коммунистхэу, республикэм и цIыхуэху пщIэ зыхуэтащIхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэр кьызыхуэхъуэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэмкIэ.

Ди цIыхубэм Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэ иным, абыхэм я зэкъуэтыныгъэм, къэмылэнджэж ерыщагъым я фIыщIэкIэ бийр зэхакъутащ икIи сыт хуэдиз зэман дэкIми зи щIэщIагъуэр имыкI ТекIуэныгъэ Иным и гуфIэгъуэр кьытхуаIащ.

Псом ди дежкIи гуфIэгъуэу икIи нэхуу щыт а махуэм дэ дигу кьыдогъэкIыж Хэкум и хуитыныгъэр зыхъумахэр. Сыт щыгъуи псоми дигу илъынщ ди къэралыр мамыру псоунымкIэ Iэмалхэр кьыхуэзэзыгъэпэща цIыхуэхэр.

Ди гуапэу фэри фи IыхьлхэмкI дыныбохъуэхъу узынщагъэ быдэ, насыпI, мамырыгъэ, фIыгъуэ фиIэну!

КъБР-м и Парламентымрэ комитетымрэ и унафэщI, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и япэ секретарь **ЩЫХЪАЛЫ Заирэт.**



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЛІэщІыгъуэхэм ядогъуэгурыкІуэ

(КІуэхмр. Пэщдэдзр 1-нэ нап.).

КЪЕБГЪЭРЫКІУЭ бий хьэщхьэрыІуэм совет цІыхухэм пагъэващ ухуэкІэщІэм эщцІипІыкІа интернационализмымрэ патриотизмымрэ. Лъэпкъ псори зэкъуэващ жыр бжыхьу. Лъэгуажьэмащцхьэу ягъэтІысха къэралыр къыз5фІэувэжащ пІалъэ кІэщІ дыдэм. Ешьм и щІынальэм и мызакъуэу, СССР-м хуит кІыщІыжьфащ КІуэмЫалІэ, КІуэхэпІэ Европэм и къэралхэри, езы фашист Германиери хигъэщІащ.

ПсэзэпылъхьэпІэ зауэм жыджэру хэтащ ди республикэм и цІыху куэд. Абыхэм зэрахьа лІыгъэм теухуа тхыгъэхэр ди газетым зэпымыууэ тредзэ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунЫ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэтхэр сэшхуэ пцІанэкІэ бийм и танкхэм Сальск губгъуэхэм щапэуваву зэрыцытагр. ТекІуэныгъэ Иным яхуэфэщэн хальхьащ щхьэкъэІэт ямыІэу лэжьа ди лъахэгъуэхэм.

Ди къэралым текІуэныгъэм уасэшхуэ щитащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, абы хэкІуэдащ совет зауэлІ мелуан 20-м щІигъу. Къаруушуэ зыбгъэдэлъ бийм арыншауэ упэльэщынутэкъым.

Мыри кІыхьэдмыгъэщу хьунукъым: СССР-р лъэлъэжа иужь, нэгъуэщІ къэралхэми ди дежи къыщІэкъуэкІащ ди ТекІуэныгъэ Иным и мыхьэнэр зыгъэлъэхьшэну хущІэкъухэр. Нэхъ тельыджэкращи, кьыгщІэхьуэ щІэблэм пэжыр щабэщІ. Школхэм тхыдэр зэрэщрагъэдж тхыльхэм ящыщ зыбгъ итщ: «Я10 дунейпсо зауэм щытекІуар США-мрэ Инджылызымрэщ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ СССР-р». НэгъуэщІ апхуэдэ тхыльхэми мы Іуэхум хухахыр мащІэ дыдэщ. Апхуэдэ тхыльхэмкІэ сабийхэр ирагъэджэну хуит зэыщІар УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэу Фурсенкэ зи пашэрщ. Гъэ кІуам Дон Іус Ростов джэдыкІэкІэ кьыщеуащ абы, и лэжьыгъэмкІэ зэрымыарэзыгъэ.

БлэкІам и гугъу щыпщІкІэ идкырей зэманри къэкІуэнури зэпэльытын хуейщ. Иужь зэманым США-р я10 ищащ хъэршыр къэгъэІуэрыщІэн и лъэныкъуэкІэ. Щхьэусыгъуэ нэхъ ныдэрогъэкІщ: ди къэралым мы Іуэхум ильэс къэс щыхуэутІыпщыр доллар меларди 3-щ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щытрагъэкІуадэ доллар мелард 18.

Зыхъуэмэжьыныгъэ Іэнатіэмэ мы зэманым ирикъуу ахьшэ хухахыфырыкъым. Абы и зэранкІэ ди дзэм зыхуеинуэм хуэдизу танкхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ кьыхуэщхурыкъым, апхуэдэ техникэщІэ Іуэгъэзэджэхэр ди къэралым щыІэ пэтми.

Мыри цІыхухэр зыгъэгубжьыкъэм ящыщщ. Иджыблагъэ Лондон нэчыхь щрагъэтхащ Инджылызым и пащтыкъ гуащэм и кІуэрылъху Уильямрэ унагъуэ кьыз5рыгуэкІым кьыхэкІа Кейтрэ, Абыхэм я хьэръуэІЫным и мыхьэнэр зыгъэлъэхьшэну хущІэкъухэр. Нэхъ тельыджэкращи, кьыгщІэхьуэ щІэблэм пэжыр щабэщІ. Школхэм тхыдэр зэрэщрагъэдж тхыльхэм ящыщ зыбгъ итщ: «Я10 дунейпсо зауэм щытекІуар США-мрэ Инджылызымрэщ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ СССР-р». НэгъуэщІ апхуэдэ тхыльхэмкІэ сабийхэр ирагъэджэну хуит зэыщІар УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэу Фурсенкэ зи пашэрщ. Гъэ кІуам Дон Іус Ростов джэдыкІэкІэ кьыщеуащ абы, и лэжьыгъэмкІэ зэрымыарэзыгъэ.

БлэкІам и гугъу щыпщІкІэ идкырей зэманри къэкІуэнури зэпэльытын хуейщ. Иужь зэманым США-р я10 ищащ хъэршыр къэгъэІуэрыщІэн и лъэныкъуэкІэ. Щхьэусыгъуэ нэхъ ныдэрогъэкІщ: ди къэралым мы Іуэхум ильэс къэс щыхуэутІыпщыр доллар меларди 3-щ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щытрагъэкІуадэ доллар мелард 18.

Зыхъуэмэжьыныгъэ Іэнатіэмэ мы зэманым ирикъуу ахьшэ хухахыфырыкъым. Абы и зэранкІэ ди дзэм зыхуеинуэм хуэдизу танкхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ кьыхуэщхурыкъым, апхуэдэ техникэщІэ Іуэгъэзэджэхэр ди къэралым щыІэ пэтми.

Мыри цІыхухэр зыгъэгубжьыкъэм ящыщщ. Иджыблагъэ Лондон нэчыхь щрагъэтхащ Инджылызым и пащтыкъ гуащэм и кІуэрылъху Уильямрэ унагъуэ кьыз5рыгуэкІым кьыхэкІа Кейтрэ, Абыхэм я хьэръуэІЫным и мыхьэнэр зыгъэлъэхьшэну хущІэкъухэр. Нэхъ тельыджэкращи, кьыгщІэхьуэ щІэблэм пэжыр щабэщІ. Школхэм тхыдэр зэрэщрагъэдж тхыльхэм ящыщ зыбгъ итщ: «Я10 дунейпсо зауэм щытекІуар США-мрэ Инджылызымрэщ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ СССР-р».

Ахэр зэи тщыгъупщэнукъым

ДИ АДЭ Елъыхъу Пётр Мусэ и къуэр Тэрч куейм хьыхь Плановскэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. Дагъыстэным и Дербент кьалэм дзэм къулыкъу щищІэу щыІэу, Хэку зауэшхуэр къэхъеІщ, 1941 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм фронтым яшэри, Сталинград дежи зэуэм щыщІидзащ. Ди адэр хэтащ Харьков, Киев хуит къезыгъэщІыжа-хэм. Абы и щыхьэт медалхэри къратат. Сталинград дежи щыщІэдзауэ ди адэм зэпичащ Берлин нэсыху КІуэ зауэ гъуэгуанэр. Ар ящІыгъуащ нэгъуэщІ къэралхэм я кьалэщхуэхэри зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэзыгъэкІыжа ди зауэлІхэм. Псалъэм папщІэ, ди адэм къратауэ щытащ «Варшавэ хуит кьыз5ращІыжам папщІэ» медалыр. А гъуэгуанэ кІыхьыр абы зэпичащ мыхьэнэ хэха зиІэ я10 гвардейскэ инженер бригадэм и шоферу. Ди адэм зэрихьа лІыхъужьыгъэхэм я дамыгъэу къратат «Зауэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ» медалыр. Германием и щІыналъэми лІыгъэ хэлъу зэрыщызэуам и нагъыщэщ «Германием зэрытекІуам папщІэ» орденыр. Ди адэр ТекІуэныгъэм и мазхэм Германием и къалащхьэ Берлин 1945 гъэм накъыгъэм и 8-м щыІущащ.

Зауэм къикІыжа нэужьи ар зэрыльэкІкІэ хэлІыфыхьащ нэмыцэхэм зэтракъута къуажэмрэ колхозымрэ зэфІэгъэувэжьыным. И ныбжь нэсу зигъэпсэхуну тІысыжьыху, кьуажэ колхозым щоферу щылэжьащ. А ильэсхэр гугъуу, цІыхухэм зыхуей дахэ-дахэу ямыгъуэту щытами, ди адэмрэ абы зауэ нэужьым щхьэгъусэ ищІа ди анэ Нинэрэ бынитху зэдапІащ, гъащІэ гъуэгум тэмэму дытрагъэуващ.

1978 гъэм и фокІадэ мазэм ди адэр дунейм ехыжащ.

Нобэ унагъуэ щхьэхуэ хъужакъэу хъарзынэу псэу и бынхэм зэи дигу ихукрыкъм дэ мы гъащІэм тэмэму дыхэтын папщІэ ди адэм, абы и ныбжьым итахэу ТекІуэныгъэр кьытхъузыхьа ди нэхъыжьхэм я10зэамрэ я фэм дэкІамрэ зыхуэдизыр.

ЕЛЪЫХЪУ Алий.



Елъыхъу Пётр. *1952 гъэ*

Зэрахьа лІыгъэр уасэншэщ

1941 гъэм и фокІадэм СССР-м ЗыхъуэмэжьныгъэмкІэ и Къэрал комитетым унафэ кьищтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шу дивизэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ. Партым и область комитетри республикэм и гущІэрыпсэухэри абы зэхэщІыкІ лъагэкІэ Іущ1ат. ИкІи а унафэр яГъэзэщІэн папщІэ, ВКП(б)-м и обкомым и я10 секретарь КІымыкъу Зубер я Іэтащхьэу цІыхуитху зыхэт комиссэ кьызэрагъэпэщащ. Партым и райкомхэм я секретархэм, куейм я Іэтащхьэ комитетхэм, военкоматхэм, хозяйствэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я наркоматхэм я зэІущІэ зыуГбгъуэм ГКО-м и унафэм щытепсэльыхьащ, дзэ частхэр зэрауб5ыхуну щ1ыкІэр кууэ щ1эзэпкърахащ, шу полкхэр Бахьсэн, Нартан, Къэхъун къуажэхэм трагуэзэну щызэгурыІуащ. А жылагъуэхэм икІэщІыпІэкІэ щагъэбелджылащ дивизэм и зауэлІхэр зэщІэсыну псэуалъэхэр, щыхэр зэрагъэгъуну Іэщэсфащэмрэ щхьэпІэхэмрэ зэрарахъумэжьу щыІэхэр. Дзэ хуэІухуэщІэхэм щыхуагъэсэну щІыпІэхэри къыхахащ.

ЗауэлІхэр дивизэм жыджэру ныбжьэрт. Іуэхуэзехьэхэр хэмыту, ахэр шу 6200-рэ хъуащ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ парт, совет лэжьакІуэхэр, дзэ комиссариатхэр Правительствэм и унафэр гъэзэщІэным жэуапльныгъэщхуэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьар. Мазэ зыгІэм кьІрибыдэу дивизэр кьызэрагъэпэщат. Абы хагъэхьа дэтхэнэми щхьэхуэу райкомым щытепсэльыхьат, псори хэгъэзыхьэ хэмыльу кьыхахат. Дивизэм щыщхэм я процент 72-м нэблагъэр партым е комсомолым зэрт. ЗауэлІхэр зыхуейхэмкІэ (шыгухэр щІыным, лъэпкъ шууей фащэхэр дыным, нэгъуэщІ щыгъынхэр, хьэпшыпхэр гъэхьэзырыным, н.кь.) кьыхэзгъэпэщащ кьарурыхуэ ирахьэлІащ. Абы и пІэныкъуэкІэ хуабжьу кьадэІэпыкъуащ Кавказ Ищхьэрэ дзэ округым и командующэ Курдюмовыр. ВКП(б)-м и обкомым комиссару полкхэм игъэкІуащ райкомхэм я секретарь нэхъыбІэу Шырытыр, Галачиевыр, Бозийр. Партым и обкомым и секретарь Севрев Махъты дивизэм и политотделым и унафэщІу яГъэуват. Абыхэм нэмыщІ обкомым и аппаратым щыщхэу Щыкъуейр, Шыдыр, Къашьыр3эр, нэгъуэщІхэри езыхэм яфІэфІу ди зауэлІхэм яхьыхьащ политикэ Іуэхуэр я пщэрыльу.

Республикэм и колхозхэмрэ совхозхэмрэ мазиблкІэ дивизэр зыхуейф-зыхуэфІхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ. Зауэ хуэІухуэщІхэм зыхуэгъэсэныр яуха нэужь, 115-нэ Кавказ дивизэр СССР-м ЗыхъуэмэжьныгъэмкІэ и ЦІыхубз комиссариатым и дзэ комиссэ хэхам кьыпщытэри, зэрызагъэхьэзырам арэзы техьуащ. А Іуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэу КІымыхъу Зубер, Аръуэхъу Аслъэнэй, Ульбашев Хьэбыкъ, Кавказ Ищхьэрэ дзэ округым и командующэ Курдюмовыр, Дзэ Советым и щыщ Смирновыр. ЩІу пэтми, зэрыгъэпэщащ кьудамэхэмрэ зыхуэдэр, я щытыкІэр комиссэм тКІийуэ къыпщытэри, оценкэу «плІы» яритащ икІи СССР-м Іэщ1эзэ Іущ1ауэ и Къарурхэм хигъэхьащ.

Ирагъэжьэн и пэ кьихуэу, сэламехьэ щІыкІэу ди зауэлІхэм щэджагъуэ Іэнэ кьыхуащтащ. ЩыдагъэкІ махуэм хьуэхьуэ-хэр хуэІащ, бий бзаджэр я Іуэм ирагъыхьэжу уэзыншэу зэращцІигугъэр кьыкагъэщу гъуэгу трагъэхащ.

Ди щІалэхэр фронтым зэрыкІуэрэ мазитІ хуэдизу дэкІауэ, Курдюмовым КІымыхъу Зубер хъыбар кьригъэщІащ дивизэр кьызэгъэпэщыным жыджэру зэрызэхэм папщІэ, Ленин орденыр хуэфащэу кьыльытэу тхьылъ зэрыхитхар.

КъарурщхуэкІэ кьебгъэрыкІуэ бийм щхьэмыгъазэу пщІэува 115-нэ шу дивизэр зэрыпхъуакІуэхэм псынщІэу кьыхагъэщІэфакъым. Абы и щыхьэтщ 1942 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм, 17-нэ шу корпусым хэту, Цимлянск деж ди щІалэхэр фашистхэм гуащІэу зэрыщІапэщІэтар. Махуэ зыбжанэм кьурибыдэу бийм и 51-нэ армэм и 91-нэ, и 157-нэ танк, фочауэ дивизэхэр щІыпІэм щызэхэзыкьута, иужькІэ Сталинград и Іэшэлъашэм фашистхэр щызэтеІыкьута совет зауэлІхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ яхэтащ. Абыхэм я нэхъыбэр 115-нэ шуудзэм щыщщ.

1942 гъэм и накъыгъэм ди дивизэм и зауэлІхэм Ростов областым и Хомутовскэ, Ольчинскэ, Первомайскэ, Зеленая роща куейхэм зытрагуашэри, Тэн псым и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ Манычскэ-Ольчинскэ щІыпІэм зыщагъэбыдауэ щытащ. Командованэм и унафэкІэ, я10 мазэхэм бийм и десант гупхэр зэтраукІащ, бадзэуэгъуэм, 4-нэ шу корпусым хэту, фашистхэм я танкыдзэхэм еэзуащ. 115-нэ дивизэм а зэхэуэ гущІэхэм нэмыщІ танкэу 64-рэ, автомашинэу 37-рэ, лагъымыдзу 15 щикъутащ, лъэсыдзэхэм ящыщ куэд хигъэщІащ. А псори ди щІалэхэр я кьалэным зэрыпэльащам и щыхьэт.

Сталинград кьалэр хахуэу зэрахьумам папщІэ, Командующэ нэхъыщхьэ Сталиным и унафэкІэ, дивизэм хэтхэм фІыщІэ кьыхуащІащ. Сталинград бийм щызэхьума 115-нэ шууей дивизэм и зауэлІ пІыхьыжьхэм я пщІэр яІэту кьалэм и уэрамищым Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэбэрдей, Тэрч цІэхэр фІащащ. Ростов областым хьыхь Мартыновкэшхуэ кьуажэм и зы уэрамым Къэбэрдей-Балъкъэрым, а куейм щыщ Ново-Николаевскэ къутырым и курыт еджапІэмрэ Кьалмыкъ Республикэм и Цаган-Нур жылагъуэм и уэрамымрэ 115-нэ шуудзэм я щІэхэр зэрахьэ.

Сталинград дежи щекІуэкІа зауэ гуащІэм кьыщыхэжаныкІащ дивизэм и командирхэу Бозий Кушбий, Аръуэхъу Аслъэнбий, Черкесов Сарбий, Шыбзыхъуэ Къэралбий, Настуев Магомет, Къэзанш МатІ, Наурыз Мамышэ, Анскокъуэ Мухьэрбий, ФІащмыхъу Аслъэбий, Соттаев Адэлджэрий, Къумахуэ Тимур сымэ, зэгъэщІэкІэри.

ПЩЫБИЙ СультІан,
Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я республикэ Советым щІалэгъуалэм ядэлэжьныкІэ и комиссэм и унафэщІ.

Тэрч кьалэ паркым ит Лъыхъужьым и фэеплъыр.

Пилоткэм сытекІуэдэжырт

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ хэта, а илъэс лыгъэхэм пхыкІыу мамыр гъащІэр кьытхуэзыхьа нэхъыжьыфІхэм сыт щыгъуи пщІэ яхуэтащу, абыхэм дригушхуэу дыкъокІуэкІ. Ди жагъуэ зэрыхъуэри, апхуэдэу нобэ кьыддэгъэуэгурыкІуэхэр мащІэ дыдэщ. Нэхъыбэу кьытхуэнар абыхэм я бынхэрщ.

Нобэ зи лъэужьыр мыкІуэдыж, гум имыху а зауэшхуэм и гуэвэгъуэ куэд зи нэгу щІэкІахэм ящыщу сабийуэ, илъэси 4 - 7 ныбжьым иту 1941 - 1945 гъэхэм хиубыда цІыкІуэхэр. Абыхэм яхэтщ конц1агерыр зыгъэнэхуахэр, зи адэ-анэр нэмыщІ фашистхэм яІащІэкІэуэдахэр, кьуулейсыныгъэ-мэжащІалагъэм ихьаХэри нэхьыбэжщ.

«Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я тхьыть» кьыдэкІыгъуэм урипІъэмэ, куэдым уретъэупсыс, гъащІэм ирыпэфІыр, ар зэрыуасэншэр зыхьыуегъащІэ. ИщхьэкІэ кьызэрихьэзгъэщащи, зи сабиигъуэу а лыгъэм кьела цІыкІуэху нобэ дадэнанэ хъужауэ псэуэри щыІэщ. А гуГъуехьхэр, Тхьэшхуэм и фІыщІэкІэ, кьызэзэнэкІахэм сэри сащыщу зызолытэжк.

1942 гъэм, зауэшхуэм и курыкупсэм, ди Аргудан кьужажэр нэмыщІ фашистхэм яубыдауэ щытащ. Абы щыгГуэ си ныбжьыр итъэпІащ, ди анэм, кьакІуэмэ иукІыну. АрщхьэкІэ си анэшхуэм кьинутІыпщакъым:

- ЗыкъыІуэ, умыкІуэ, Лиуан пфІэкІуэдащ. Адрей уи бынхэр зыпІынур хэт итащ? Ди къэбгъэрыкІуэ сымаджэщыр щІыкІэ ирагъэжьащ, ди анэм, кьакІуэмэ иукІыну. АрщхьэкІэ си анэшхуэм кьинутІыпщакъым:

- ЗыкъыІуэ, умыкІуэ, Лиуан пфІэкІуэдащ. Адрей уи бынхэр зыпІынур хэт итащ? Ди къэбгъэрыкІуэ сымаджэщыр щІыкІэ ирагъэжьащ, ди анэм, кьакІуэмэ иукІыну. Ар кІуэрэ псэри зэкъуэващ жыр бжыхьу. Лъэгуажьэмащцхьэу яГъэтІысха къэралыр кьызэрагъэпэщащ. Абы и щІыналъэм и мызакъуэу, СССР-м хуит кьыщІыжьфащ КІуэмЫалІэ, КІуэхэпІэ Европэм и къэралхэри, езы фашист Германиери хигъэщІащ.

ПсэзэпылъхьэпІэ зауэм жыджэру хэтащ ди республикэм и цІыху куэд. Абыхэм зэрахьа лІыгъэм теухуа тхыгъэхэр ди газетым зэпымыууэ тредзэ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунЫ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэтхэр сэшхуэ пцІанэкІэ бийм и танкхэм Сальск губгъуэхэм щапэуваву зэрыцытагр. ТекІуэныгъэ Иным яхуэфэщэн хальхьащ щхьэкъэІэт ямыІэу лэжьа ди лъахэгъуэхэм.

Ди къэралым текІуэныгъэм уасэшхуэ щитащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, абы хэкІуэдащ совет зауэлІ мелуан 20-м щІигъу. Къаруушуэ зыбгъэдэлъ бийм арыншауэ упэльэщынутэкъым.

Мыри кІыхьэдмыгъэщу хьунукъым: СССР-р лъэлъэжа иужь, нэгъуэщІ къэралхэми ди дежи къыщІэкъуэкІащ ди ТекІуэныгъэ Иным и мыхьэнэр зыгъэлъэхьшэну хущІэкъухэр. Нэхъ тельыджэкращи, кьыгщІэхьуэ щІэблэм пэжыр щабэщІ. Школхэм тхыдэр зэрэщрагъэдж тхыльхэм ящыщ зыбгъ итщ: «Я10 дунейпсо зауэм щытекІуар США-мрэ Инджылызымрэщ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ СССР-р». НэгъуэщІ апхуэдэ тхыльхэмкІэ сабийхэр ирагъэджэну хуит зэыщІар УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэу Фурсенкэ зи пашэрщ. Гъэ кІуам Дон Іус Ростов джэдыкІэкІэ кьыщеуащ абы, и лэжьыгъэмкІэ зэрымыарэзыгъэ.

БлэкІам и гугъу щыпщІкІэ идкырей зэманри къэкІуэнури зэпэльытын хуейщ. Иужь зэманым США-р я10 ищащ хъэршыр къэгъэІуэрыщІэн и лъэныкъуэкІэ. Щхьэусыгъуэ нэхъ ныдэрогъэкІщ: ди къэралым мы Іуэхум ильэс къэс щыхуэутІыпщыр доллар меларди 3-щ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щытрагъэкІуадэ доллар мелард 18.

Зыхъуэмэжьныгъэ Іэнатіэмэ мы зэманым ирикъуу ахьшэ хухахыфырыкъым. Абы и зэранкІэ ди дзэм зыхуеинуэм хуэдизу танкхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ кьыхуэщхурыкъым, апхуэдэ техникэщІэ Іуэгъэзэджэхэр ди къэралым щыІэ пэтми.

Мыри цІыхухэр зыгъэгубжьыкъэм ящыщщ. Иджыблагъэ Лондон нэчыхь щрагъэтхащ Инджылызым и пащтыкъ гуащэм и кІуэрылъху Уильямрэ унагъуэ кьыз5рыгуэкІым кьыхэкІа Кейтрэ, Абыхэм я хьэръуэІЫным и мыхьэнэр зыгъэлъэхьшэну хущІэкъухэр. Нэхъ тельыджэкращи, кьыгщІэхьуэ щІэблэм пэжыр щабэщІ. Школхэм тхыдэр зэрэщрагъэдж тхыльхэм ящыщ зыбгъ итщ: «Я10 дунейпсо зауэм щытекІуар США-мрэ Инджылызымрэщ. Абыхэм ядэІэпыкъуащ СССР-р».

Зауэ блэкІам гум къигъэкІхэр

ДИ КЪЭРАЛЫМ щекІуэкІа Хэку зауэшхуэм дыщыхуеплъэкІыжкІэ, куэд дигу кьегъэкІыж, Іэджэм дрегъэупсыс.

Иджырей щІэблэм хэгъкым и адэ-анэкІэмр, и кьуэш-шыпхъукІэмэ, благъэ-Іыхьлыкіэмэ а зауэм и нэщІэжьэ гуэр зымылъэгъуа. А зауэшхуэм и гугъу щащІыжкІэ, сэри сигу кьокІыж ди адэ Зэгъэштокъуэ МэчэІил. Ар 1940 гъэм дзэм кьулыкъу щищІэну ираджэри, Ровненскэ областым ди къэралым и гъунапкъэхэр щызыхьэмэхэм яхэтащ. 1941 гъэм зауэр кьэхьеящ икІи, зэрыгуфІыгъэущІа, а зауэм япэу щэпэІудз хуэхьуар гъунапкъэхьумэхэрщ. Ди адэмэ и фэм дэкІащ абыхэм яГъэва гугъуехьхэр.

Пэжыр жыпІэмэ, гугъуехьт ар кьызыхуалъхуар. Пасэу и анэр дунейм ехыжри, абы игъэунэхуащ анэнэпІэс бзаджэр зищІысыр. Балигъ хъуа нэужьи гупсэхугъуэ игъуэтыжауэ пхужьІэнукъым. Балигъ зэрыхьуу дзэм дацу зауэм и я10 махуэхэм фронтым Іухьа ди адэр єзыр зыхэта 281-нэ дзэ частым и 707-нэ полкым хэту 1941 гъэм фокІадэм и 19 щІоНэдэ зэуэщ, «Шепетовкэ» жыхуаІэ гъущІ гъуэгу станцыщхуэм кьебгъэрыкІуэ бийм пэщІэту здэзауэм, ди адэр уІэгъэ хьэлъэ хъуащ. Езым кьызэрыгъэхуиІуэтэжамкІэ, абы щыгГуэ ар зэуапІэм кьыІуэзыхьажар хэтми ищІэжьрыкъым. ФІыщІэ хуищІыну кьилтыхьуа щхьэкІи, игъуэтыжакъым. УЗгъэ хьэлъэ хъуа ди адэм зыкъыщищІэжар сымаджэщырщ. Бий кьебгъэрыкІуэм сымаджэщыр пэІэщІэ ящІу кьикІуэтурэ, Сталинград нэс кьагъэІэпхъуащ. Абдежми сымаджэщыр бийм Іэрыхьэнкіэ шынагъу щыхъуэм, 1942 гъэм и мазаем Астрахань щыІэ «Трусово» сымаджэщым ягъэІэпхъуащ. Ди адэм игъуэтэ и1гъэ хьэлъэри, ар адэкІэ зауэм зэрыхэмыгъажфащ. ТхылъкІ ЩІэтрфІ къаутІыпщыжащ. А тхылъыр иІыгъыу кьигъэзэжащ Къэсейхьэлэ къуажэжьым. УЗгъэ хьэлъэмрэ гугъуехь мыкІуэщІкІэмрэ ирагъэша ди адэм тІэкІу зигъэпсэхужьыну Іэмалыгъэу ихуа хуэдэу кьыщыхьужат. Ауэ а зэманым ди къуажэр иубыдауэ бийр дэст. Бийм и закъуэкъым, нэхъеижращи, сІщІыжакІуэ гуэрхэри дэкащ абы щыгГуэ кьуажэм. Абыхэм ящыщ гуэрым бзэгу ихьащ. ЗэрыуІэгъэ хьэлъэм щхьэкІи кьэмынэу, ди адэр лъэсу Дзэлыкъуэкъуажэ нэс яхури, яуКІыну мащэ Іуфэм Іуагъэуват. Ауэ абдежым ирихьэлІэу Іэкъащхьэщхьэ ди кьхъухьлъатэхэр кьаХэуэу щыщІадзэм, ди адэр зыхуахэр зэбгрыкьыжащ, ар и кьелькІэу псэууэ кьэнащ.

Ди республикэм бийр ирахужа нэужь, 1943 гъэм ди адэр Налшык яшэщ, сымаджэщ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зым щІагъэуальхъэри, гудзакъэ зиІэ дохутырыфІхэм хъарзынэу кьызэфІагъэувэжащ икІи а гъэ дыдэм унагъуэ ищІащ. Бийм хъарзынэу дипІащ, дыкъигъэхъуащ....

Мис ахэр си гум кьокІыж. Ди адэм хуэдэ куэдым я насыпыр зауэжым зэрихьам срегъэгупсыс Хэку зауэшхуэм щытепсэльыхькІэ.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Сэфарбий.

ПсэзэпылъхьэпІэ

КЪЭЩКЪЭТАУ щыщ ныбжьыщІэ Кульбаев Къэралбий егъэджакІуэ ІэщІагъэм щІэхьуэпсырти, школ нэужьым педрабфакьым щІэтІысхьащ. Абы ныбжьэгъуфІ кьыщыхуэхьащ Аруан кьуажэм кьикІа Бейтыгъэн Жырасльэн. Пури гурыхуэт, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэти, еджэныр тышщу кьайхьулІэрт. Апхуэдэурэ педрабфакьыр фы дыдэу кьаухри, зэрызэгурыІуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІэтІысхьащ, ауэ нэужь дэмыкІыу дзэм ираджащ икІи зы частым хэхуащ. Ар кьыщыхуар 1939 гъэрт.

Винницэ областым и Гайсин кьалэм курс хэхаэр кьыщыхуэха нэужь, Фочуэ щыІэ 186-нэ кьухьылъатэ полкым и школым яГъэкІуащ. Абыи щрагъаджэри, связыжьмкІэ 4-нэ ротэ щхьэхуэм хэту совет-финн фронтым яшащ. Ауэ зауэ Іэнатіэм Іухьэну Хэку зауэшхуэм и ныбжьыкІу, финнхэм мамыр зэгурыІуэныгъэ ираущылІащ.

Связыжьмкіэ и вводным и унафэщІу Кульбаевым кьыщІэ кьхьухьлъатэ частыр Украинэм и Луцк кьалэм пэмыжьыжьу КолкэщІыпІэм щыІэт. Кьхьухьлъатэзехуэхэр щрагъаджэу Харьков дэт училищэм зэрыщІэтІысхьэнум щыхуущІыхьэ сыхьэтхэм зыхуигъэхьэзырырт, ауэ и мурадхэр Хэку зауэшхуэм кьызэпиудащ.

- Бомбэхэр бжьыгъэншэу кьытхадзэу щыхуэжьа пщэдджьыкІэм сэ сыплЫрт. Унэм сыкьыщыщІэжам сЛъэгъуар си фІэщ схуущакІым - зэрыкъэроДрому мафІэ лыгъэм зэщІиштат, - игу кьигъэкІыжырт ветераным. - Кьхьухьлъатэу диІэр зэтракъутат, бийр ерыщу кьыдэбгъэрыкІуэрти, дыкъимыкІуэту хьуакъым.

ПсынщІэу зауэкІэ, а частым и кьуажэм и кьаргуэ кьыкІа Бейтыгъэн Жырасльэн. Пури гурыхуэт, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэти, еджэныр тышщу кьайхьулІэрт. Апхуэдэурэ педрабфакьыр фы дыдэу кьаухри, зэрызэгурыІуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІэтІысхьащ, ауэ нэужь дэмыкІыу дзэм ираджащ икІи зы частым хэхуащ. Ар кьыщыхуар 1939 гъэрт.

Винницэ областым и Гайсин кьалэм курс хэхаэр кьыщыхуэха нэужь, Фочуэ щыІэ 186-нэ кьухьылъатэ полкым и школым яГъэкІуащ. Абыи щрагъаджэри, связыжьмкІэ 4-нэ ротэ щхьэхуэм хэту совет-финн фронтым яшащ. Ауэ зауэ Іэнатіэм Іухьэну Хэку зауэшхуэм и ныбжьыкІу, финнхэм мамыр зэгурыІуэныгъэ ираущылІащ.

Связыжьмкіэ и вводным и унафэщІу Кульбаевым кьыщІэ кьхьухьлъатэ частыр Украинэм и Луцк кьалэм пэмыжьыжьу КолкэщІыпІэм щыІэт. Кьхьухьлъатэзехуэхэр щрагъаджэу Харьков дэт училищэм зэрыщІэтІысхьэнум щыхуущІыхьэ сыхьэтхэм зыхуигъэхьэзырырт, ауэ и мурадхэр Хэку зауэшхуэм кьызэпиудащ.

- Бомбэхэр бжьыгъэншэу кьытхадзэу щыхуэжьа пщэдджьыкІэм сэ сыплЫрт. Унэм сыкьыщыщІэжам сЛъэгъуар си фІэщ схуущакІым - зэрыкъэроДрому мафІэ лыгъэм зэщІиштат, - игу кьигъэкІыжырт ветераным. - Кьхьухьлъатэу диІэр зэтракъутат, бийр ерыщу кьыдэбгъэрыкІуэрти, дыкъимыкІуэту хьуакъым.



Кульбаев Къэралбий

ПсынщІэу зауэкІэ, а частым и кьуажэм и кьаргуэ кьыкІа Бейтыгъэн Жырасльэн. Пури гурыхуэт, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэти, еджэныр тышщу кьайхьулІэрт. Апхуэдэурэ педрабфакьыр фы дыдэу кьаухри, зэрызэгурыІуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІэтІысхьащ, ауэ нэужь дэмыкІыу дзэм ираджащ икІи зы частым хэхуащ. Ар кьыщыхуар 1939 гъэрт.

Винницэ областым и Гайсин кьалэм курс хэхаэр кьыщыхуэха нэужь, Фочуэ щыІэ 186-нэ кьухьылъатэ полкым и школым яГъэкІуащ. Абыи щрагъаджэри, связыжьмкІэ 4-нэ ротэ щхьэхуэм хэту совет-финн фронтым яшащ. Ауэ зауэ Іэнатіэм Іухьэну Хэку зауэшхуэм и ныбжьыкІу, финнхэм мамыр зэгурыІуэныгъэ ираущылІащ.

Связыжьмкіэ и вводным и унафэщІу Кульбаевым кьыщІэ кьхьухьлъатэ частыр Украинэм и Луцк кьалэм пэмыжьыжьу КолкэщІыпІэм щыІэт. Кьхьухьлъатэзехуэхэр щрагъаджэу Харьков дэт училищэм зэрыщІэтІысхьэнум щыхуущІыхьэ сыхьэтхэм зыхуигъэхьэзырырт, ауэ и мурадхэр Хэку зауэшхуэм кьызэпиудащ.

- Бомбэхэр бжьыгъэншэу кьытхадзэу щыхуэжьа пщэдджьыкІэм сэ сыплЫрт. Унэм сыкьыщыщІэжам сЛъэгъуар си фІэщ схуущакІым - зэрыкъэроДрому мафІэ лыгъэм зэщІиштат, - игу кьигъэкІыжырт ветераным. - Кьхьухьлъатэу диІэр зэтракъутат, бийр ерыщу кьыдэбгъэрыкІуэрти, дыкъимыкІуэту хьуакъым.

ПсынщІэу зауэкІэ, а частым и кьуажэм и кьаргуэ кьыкІа Бейтыгъэн Жырасльэн. Пури гурыхуэт, щІэныгъэм хуэнэхъуеинщэти, еджэныр тышщу кьайхьулІэрт. Апхуэдэурэ педрабфакьыр фы дыдэу кьаухри, зэрызэгурыІуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІэтІысхьащ, ауэ нэужь дэмыкІыу дзэм ираджащ икІи зы частым хэхуащ. Ар кьыщыхуар 1939 гъэрт.

Винницэ областым и Гайсин кьалэм курс хэхаэр кьыщ

Зи IэщIагъэм хуэпэж

●Дифl догъэлъапIэ

Ди егъэджакIуэ Iэзэ, унэтIакIуэ щыпкъэ, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэтlакlуэ нэс, дохутыр цIэрыIуэ Нэгъуей Беслъэн Сэфарбий и къуэр. лъэпкъ медицинэм и зыужьныгъэм хэпльхьэныгъэ ин хуэзыщIа IэщIагъэлIщ. КъБР-м уэзыншагъэр хьумэныкIэ, щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ Нэгъуейр ди щIалхуэ и яп э дохутырхэм ящыщ. Илъэс 50-м щIигъуэу ар гу кьабзэрэ псэ хьэлэкIэ и Iэнатlэм пэрытщ, щыхуэсэм я узынщагъэр ихьу ме у. бгъэдэль щIыгъэ кури зэфlкI льагэри мыхьэнэщхуэ зиIэ я гуэрыгъэ ин ихьэ лэу.

НЭГЪУЕЙР1936 гъэм накьыгъэм и 8-м Арщыдан адыгэ жылэ щхуэм къыщалъхуащ. Мэкъумэщышлэ унагъуэм ихэхэ щалэм щысабийм кьыщыщIэдзауэ щэныгъэм гу хуищIат . Кьуажэ школым и егъэджакIуэхэм гу лъатэрт Беслъэн хэль Iущагъым, еджэным хуиIэ ерыщагъым. Курыт школыр фIы дыдэу кьиуха нэужь, абы мурад ищIащ дохутыр Iущагъэм ху еджэну. 1953 гъэм Беслъэн щIэтIысхьащ Дагъыстэн медицинэ институтым. А лъэхъэнэм абы и гъусэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэшыгъэгъуэтахэм ящыщ иужькIэ республикэм и дохутыр цIэрыIуэ хъуахэу Гъащтэ Абдул, Мэржэхъу Лидэ, Iущнокъуэ Аслъэнбий, Арутюновэ Жаннэ, Мыкъуэжь Марие, Сомгъур Хьэрэйлиа сымэ, нэгъуейр. Еджэным зэрыщыпэрытым кьыдэкIуэу, ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэр хэужьыджэрт институтым щекIэкI щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэмэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм щIалэуалэм якIуэ дзэ ныбжьэгъугъэр игъэбыдэрт, зэхэщIыкIыр иукъ уэдиЙ.

Студент илъэхэм кьриуфIыдыдэу Нэгъуейр хуабжьу дихьэхат дохутыр Iущагъэм епха кьэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIи мурад ищIыгъ еджэнэр кьиухэ, абыхэм адэжи пищэну. А гуращэр занщIэу кьехьуIакъым Беслъэн. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтэ IущагъэлI ныбжьыщIэр щалъхуа щIыпIэм хэсу кIу зэкри, илъэсищкIэ дохутыру Аргудан жылэм щылэжьащ. Кьуажэм щыяпэ дохутыр хьуа Беслъэн и кьаруи зэмани емыблэжьу, лъэкI пломкIи щIыхуэхэм защIекъабуэ, я у зыншагъэм кIэпыпIпIу, ар ихьыуэ у. Лэжьыгъэм щIэжьу хуэIэжьэ хъуами, щIэныгъэм хуэнэхъуеинэщ щIалэр хущIэкъурт бгъэдэль зэфIэкIкIэм хигъэхъуэну икIи 1962 гъэм Нэгъуейр щэтIысхьащ Осетие Ищхьэрэ медицинэ инс титу тым и клиникэ ординатурэм. Ар ехьулIэныгъэ иIэу кьиухри Нэгъуейм и щIэныгъэм адэкIэ щIыхигъэхъуащ Кубань медицинэ академием и аспирантурэм. И кандидат диссертацием щелэжьым щыгъэ, абы и унафэщIу щыташ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлI-кьэхутэкIуэхэу Подварко А., Шубич М. сымэ.

Iэщlагъэлl Iэзэм, щIэныгъэлIым республикэм щIэныгъэ-зэжьам щыгъэ, КъБКъУ-м кьыщызэIуахагъащIэт медицинэ факультетыр. Нэгъуейр занщIэу абы иратэ-блэгъащ икIи илъэсыр 5-кIэ а кьудамэм и декану лэжьащ. Нэгъуейм и тетыгъуэ зэманым фак ультетыщIэм зыужьныныгъэ гуэ лъатэрт Беслъэн хэль Iущагъым, еджэным хуиIэ ерыщагъым. Курыт школыр фIы дыдэу кьиуха нэужь, абы мурад ищIащ дохутыр Iущагъэм ху еджэну. 1953 гъэм Беслъэн щIэтIысхьащ Дагъыстэн медицинэ институтым. А лъэхъэнэм абы и гъусэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэшыгъэгъуэтахэм ящыщ иужькIэ республикэм и дохутыр цIэрыIуэ хъуахэу Гъащтэ Абдул, Мэржэхъу Лидэ, Iущнокъуэ Аслъэнбий, Арутюновэ Жаннэ, Мыкъуэжь Марие, Сомгъур Хьэрэйлиа сымэ, нэгъуейр. Еджэным зэрыщыпэрытым кьыдэкIуэу, ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэр хэужьыджэрт институтым щекIэкI щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэмэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм щIалэуалэм якIуэ дзэ ныбжьэгъугъэр игъэбыдэрт, зэхэщIыкIыр иукъ уэдиЙ.

Студент илъэхэм кьриуфIыдыдэу Нэгъуейр хуабжьу дихьэхат дохутыр Iущагъэм епха кьэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIи мурад ищIыгъ еджэнэр кьиухэ, абыхэм адэжи пищэну. А гуращэр занщIэу кьехьуIакъым Беслъэн. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтэ Iущагъэлl ныбжьыщIэр щалъхуа щIыпIэм хэсу кIу зэкри, илъэсищкIэ дохутыру Аргудан жылэм щылэжьащ. Кьуажэм щыяпэ дохутыр хьуа Беслъэн и кьаруи зэмани емыблэжьу, лъэкI пломкIи щIыхуэхэм защIекъабуэ, я у зыншагъэм кIэпыпIпIу, ар ихьыуэ у. Лэжьыгъэм щIэжьу хуэIэжьэ хъуами, щIэныгъэм хуэнэхъуеинэщ щIалэр хущIэкъурт бгъэдэль зэфIэкIкIэм хигъэхъуэну икIи 1962 гъэм Нэгъуейр щэтIысхьащ Осетие Ищхьэрэ медицинэ инс титу тым и клиникэ ординатурэм. Ар ехьулIэныгъэ иIэу кьиухри Нэгъуейм и щIэныгъэм адэкIэ щIыхигъэхъуащ Кубань медицинэ академием и аспирантурэм. И кандидат диссертацием щелэжьым щыгъэ, абы и унафэщIу щыташ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлI-кьэхутэкIуэхэу Подварко А., Шубич М. сымэ.

Iэщlагъэлl Iэзэм, щIэныгъэлIым республикэм щIэныгъэ-зэжьам щыгъэ, КъБКъУ-м кьыщызэIуахагъащIэт медицинэ факультетыр. Нэгъуейр занщIэу абы иратэ-блэгъащ икIи илъэсыр 5-кIэ а кьудамэм и декану лэжьащ. Нэгъуейм и тетыгъуэ зэманым фак ультетыщIэм зыужьныныгъэ гуэ лъатэрт. Абы кафедрэщIэхэр кьыщызэIуихэу, щезыгъэджахъэ Iэщlагъэлl цIэрыIуэхэр кьриушэлIащ. Абы щыгъуэ Нэгъуейм и гъусэу лэжьащ лъэпкъ Iэщlагъэлl пашэхэу Балькъэр Мухьэмэд, Кьущхьэбий Виктор, Щомахъу Алексей, Таукенов Мухьэмэд, Уанащ Сафудин сымэ. Уэрэфэ зэрыщIалэхэмэ кафедрэщIэм и унафэщIт езы Нэгъуейр. Мы зэманым зэфIэкIышхуэ зиIэ а кафедрэр зэрыгъэуэувыну куэд хальхьащ дохутыр цIэрыIуэхэу Хьэщэлl Розэрэ Щауэ Къаплъэнрэ. Акср хуащ студент щIэблэ зыбжанэм я егъэджакIуэ, унэтIакIуэ.

Зэрылажьэм хуэдэуэ, Нэгъуейр елэжьащ доктор диссертацэм. 1985 гъэм абы утыку кьриухащ академие Покровскэр и унафэщIу Москва щигъэхьэзыра а къэхутэныгъэхэр. Ар

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

★Цыхушхуэжэм я гупсысэхэр

ЩІэ плъагъуныр гугъэпсэхущ

Пэжым гъащІэри, фІыри хэлъщ: пэжым пцІым деж щІэгъэкъуэн къыщилъыхъуэркъым.

БЕЛИНСКИЙ Виссарион, *урыс философ.*

Зыхуэбгъэувыжа мурадыр къохъулІэн папщІэ, щІэныгъэм и закъуэжьым уэзыуейр, атІэ Іуэхуми хэпщІыкІыныр Іэмал зимыІэщ.

БОМАРШЕ Пьер, *франджы драматург.*

ЦІыхур къэпцІыхун щхьэкІэ, фІыуэ плъагъун хуейщ.

ФЕЙЕРБАХ Людвиг, *нэмыцІ философ.*

ЩІэ гуэр плъагъуныи, пщІэныи гугъэпсэхущ.

ВОЛЬТЕР Франсуа, *франджы такІуэ.*

ГъащІэм и уэздыгъэр зыгъаблэр лэжьыгъэращ.

БЕЛЛЕРСДжон, *инджылыз экономист.*

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ди текІуэныгъэм щІэбэну хэкІуэда ди лІыхъужьхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхъэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Ди нымым теухуауэ

★Джэрпэджэж

ЛЭЖЬАПІЭМ сыкъыщыщІэкІыжым си нитІыр адыгэ нымым теухуащ: Абхъаз утым машинэ итщ, бгъэдэт щІалэм адыгэ нымыр иІыгъщ. Сыкъэувы Іэри, сеплъащ. Сыкъэувы ІыкІри, сегупсысащ: нысашэу нысашэкъым, зэхуэс гуэр хуэдэу щыткъым...

Утым щысльэгъуар си нэгу щІэту унэм сынэсыжащ. Сызджэщысым, телефоныр къэзуащ. Си ныбжьэгъу ЛІыжьхт:

- УзгъэгуфІэн?

- Сыгъэгуфі!

- Нобэ АдыгэІ нымым и махуэщ. ЩІалэгъуалэр уэрамыщхуэхэм ирикІуащ адыгэ нымыр яІыгъыу. Си нэпсхэр схуэмыбыду сакІэлъыплъащ...

Зэхэсхам сигъэгуфІащэри, сэри си нэпсхэм кІыхьэпажьхьат.

1830 гъэм Тыркумрэ Урысеймрэ Эдирне кІалэм щыгъэщІылІа зэгурыІуэныгъэм адыгэ щІыналъэр кІыхьэщІигъэхьеят. Абы ипкъ иткІэ, Кавказыр тырку унафэм щІэкІри, Урысейм и унафэм щІэуащ. ЗэгурыІуэныгъэр кІыхьІэрыхьа, зи льэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щІэбэн адыгэдзэм и пашэ пщы Занокъуэ Сэфарбий хасэ зэхущІэри, ягурІгъэІуащ Іуэхур зыІутыр икІи адэкІэ ящІэн хуейхэм теп- сэлъыхьащ. Зэхэсахэм я фІэщ хъурт гъкъым тыркухэм, мусульманхэм къагъэпцІэжу урысым зэрыІэщІалъхьар. Абы къыхэкІыу, унафэ кІыхьэдащтащ Тыркум лІыкІуэ ягъакІуэу Іуэхум и пэжыпІэр зохгъэхкІыну, ЗэгурыІуэныгъэри тыркубзэкІэ тхауэ кІыхьдахьыну.

Истамбыл кІуа лІыкІуэхэм, Тыркум щыпсэу адыгэхэри къадэІэпыкъуурэ, ЗэгурыІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ икІи тырку сулътІаным зыхуагъэзащ. Абы къыщащІащ Урысейр тырку сулътІан Мыхьмэд зэрелъэІуар, лІыкІуэ гупым я тхъэмадэ пщы Занокъуэ Сэфарбий къымыгъэкІуэжу зэтрИыІыгъэну. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лІыкІуэхэм къагъэзэжащ, Сэфарбин Тыркум кьинащ. Къэзыгъэзжа гупым хасэр зэхуаипэри, къащІахэр яІуэтэжащ, зауэм къыпащІоуну мурад ящІащ.

Сэфарбин и ІитІыр зэтедзауэ Истамбыл дэсакъым. Инджылызым и лІыкІуэу Тыркум щыІэ Уркварт Давид зыщыхунгъэзэм, адыгэбзэ къабзэкІэ къепсалъэри, кьиГъэУзбжащ икІи нэхъ и гуапэу зыхуэйр гуригъэІуащ. Занокъуэр абы елъэІуащ я щхьэхуитыныгъэм папщІэ ирагъэкІуэкІ зауэм ІэщхьІ къащыдэпыкьуну. Адрейми ди лъэпкъэгъуэр кьиГъэІуащ гыи, топ кьахуригъэщэну. Сэфарбий абыхэм я уасэм щыщІэупщІэм, гуэдз, фо, пхъэ, фэ хуэдэхэмкІэ зэрызэфІэкІынур кьыжриІащ Давид. Сэфарбий и псэлъэгъуэм хиІуэгъэщ политикэ, дипломат Іуэхухэмкіи дэІэпыкъуэгъу кьыгъэрилъыхъуэр, абы щыгъуэм Давид жиІащ политикэм фІыуэ хэзыщІыкІ, «Морнинг кроникуэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, зиусхьэн Лонгорсэр экономикэм хуэІэкІуэлъакІуэ Джеймс Беллрэ чэнджэщгъэу ищІмэ зэрынэхьыфІыр. Абыкіи арэзы зэдэхъуи зэбгъэдэкІыжащ. ИкІэщІыпІэкІи Занокъуэм чэнджэщэгъу ищІаХэр Кавказым игъэкІуащ щытыкІэр хуэзнэкърахыну.

Уркварт Давид дипломат лъэщт икІи политик щІэныІуэт, и тхыгъэхэр кьыдэкІыгъуэ зэхуэмыдэхэм къытехуэрт. Ар 1805 гъэм Шотландием къыщалъхуащ, 1877 гъэм дунейм ехыжащ. 1835-1837 гъэхэм Инджылыз къэралыгъуэм и лІыкІуэу Истамбыл щыІащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу Кавказым куэдрэ къэкІуащ, кьарукІэ зэхуэмыдэ урысыдзэмрэ адыгэдзэмрэ я зэпэщІэувэныгъэм кІэлъыплъу. Абы кьыхэкІыуи, Давид урысхэм тІасхъэщІэхьыу кьалъытэрт.

Занокъуэ Сэфарбий и псэм бзыльх тельт, и льэпкъыр зэхэзехуэри щІащІар кьыгурымыІуэр. Уркварт Давид кьызэрыжриІамкІэ, Урысейр Кавказым исхэм хуейтэкьым, атІэ щІыр зыГъригъэкІуэнт Іэпым къэмыр зэрыгъэпсэлъэну. Сэфарбий абыхэм я уасэм щыщІэупщІэм, гуэдз, фо, пхъэ, фэ хуэдэхэмкІэ зэрызэфІэкІынур кьыжриІащ Давид. Сэфарбий и псэлъэгъуэм хиІуэгъэ политикэ, дипломат Іуэхухэмкіи дэІэпыкъуэгъу кьыгъэрилъыхъуэр, абы щыгъуэм Давид жиІащ политикэм фІыуэ хэзыщІыкІ, «Морнинг кроникуэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, зиусхьэн Лонгорсэр экономикэм хуэІэкІуэлъакІуэ Джеймс Беллрэ чэнджэщгъэу ищІмэ зэрынэхьыфІыр. Абыкіи арэзы зэдэхъуи зэбгъэдэкІыжащ. ИкІэщІыпІэкІи Занокъуэм чэнджэщэгъу ищІаХэр Кавказым игъэкІуащ щытыкІэр хуэзнэкърахыну.

Уркварт Давид дипломат лъэщт икІи политик щІэныІуэт, и тхыгъэхэр кьыдэкІыгъуэ зэхуэмыдэхэм къытехуэрт. Ар 1805 гъэм Шотландием къыщалъхуащ, 1877 гъэм дунейм ехыжащ. 1835-1837 гъэхэм Инджылыз къэралыгъуэм и лІыкІуэу Истамбыл щыІэхуэ, адыгэм и щхьэ и хъумэжу зэрыарар лъыщхьэхэми, кьыгъэрыгужІ цІыхуми я деж зэрынигъэсыным пы-льащ. Мэжджытым щІэсхэр кьызэщІиІэтэу шэрджэсхэр зэрызахуэр, урысхэр зэрыкъуанщэр дуней псом захригъэхыну уэрамым кьыщыдыхьэм уІэгъэ ящІри, сымаджэщым ящащ. Абы щІэльу адыгэ ныпыр тхьылъымпІэм трищІыхьащ Сэфарбий, ар Истамбыл дэс адыгэ гуащэхэм яІэрыхьэри, данэ удзыфэм вагъуэ пщыкІутІымрэ щабэщыкІымрэ дыщэ уагъэкІэ хадыкІыжри, хэкум кьаГъэхьащ. Псычыабэ щекІуэКІа, адыгэ лАкъуэ псори зэкІуэлІа хасэшхэм япэу щаІэта нырауэ щытащ. Аращ адыгэ нымым и кьежькІэ хъуар.

Вагъуэ дыщафэ пщыкІутІымрэ щабэщ зэблэдзамрэ зытет данэ удзыфэр адыгэ нымщ, псоми ящІэ ар иджырей Адыгэ Республикэм и кьэрал бэракъыуи зэрыщытыр. Зымахуэ щІалэгъуалэм яІэта ныпыр адыгэ лъэпкъ псоми я нымщ, зыІэта щІалэхэр лъэпкъым и гугъапІэщ, лІыжьгъэгуфІэхэщ, щытхъу зыхуэфащэхэщ.

...ЗэрыжьІэмкІэ, Истамбыл дэс адыгэ гуащэхэм ящІа нымрэ Хэкум кьагъэ-хьар Сихьу Сэхьид и унаеъуэм хьума щыхьащ. Сихьухэ Мунбудж жыла-гъэм (Сирие) дэсщ. Хьыбарыр кьызжезыІар БыжАхьмэдщ. Ар Сирием кьикІыжауэ Налшык щопсэу.

А адыгэ ныпыр сэри слъэгъуакъым,Ахьмэди илъэгъуакъым, ауэ ДыщэкІ Джэмырэ и афэ джанэр слъэгъуащ. Ар щІыунэм щІэлъщ, гъущІ Іэпым къомар зэрыгъэрыгъэльэда щІыкІэр сфІэгъэщІэгъэуну зыкъомрэ сеплъащ, и хьэлъагъри згъэунэхуащ.

«Къоджэм уигъэжейркъым», - жаІэ. Адыгэ ныпыр кьызэрыздэжу щытам хуэдэу, афэ джанэри кьызоджэ, «щІыунэм сыкъыщІэхьи» - жьхуанІэу.

КЪАЛМЫКЪ Адиан.

★Шхынигъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл, кІэртІоф хэлъу

Мэлылыр яупщІатэ е зэпауд г 30-60 хъууэ. Ятхъэщ, шыуаным ираТъхэ, псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ кьыТрагъэкъуатъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. МафІэр щыкІу зщІ, шыуаныщхьэр трапІэкри дакъинкъэ плІыщІ хуэдизкІэ яГьабэ, зэзэмызэ тхъурымбэр кьытрахыурэ. ИтІанэ кІэртІоф укъэбза Іупщ1эурэ упщІэтауэ халъхьэ, ЗэІащІэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету дакъикъэ пщыкІутхуТощІкІэ яГьабэ, абы халъхьэ бжьыныкІу - шыгъу, щимэ щыкІуурэ упщІэта шыбжий сыр мыхьэжа, зэпэплІимэ щыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ. Шыуаныщхьэр трапІэжри хьэзыр хъуху яГьабэ. Шыуаныр пэшхьэкубГъум трагъэувэ, джэдгын хаудэри, и щхьэр техауэ дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм фалъэ кууКІэ трагъэувэ. ПІастэ щІыІэ, чыржьи, хьэлІамэ, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (щІыхунІ Іыхьэ):
Мэлылу - грамм 400
Лыр зэрагъэзвэну псыуэ - грамм 1100-рэ
КІэртІоф укъэбзауэ - грамм 200
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50
Бжьыныхуу - грамм 30
Шыбжийуэ, шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Партыху лэкъум

Партыху хьэжьигъэ ухуэнщІар, шэ пщтыр хакІэурэ, бэлагъкІэ япщ. Бахъэ пщтырыр ягъакІуэри, гуэдз хьэжьигъ щІапщ, абы хакІэ шэ хуабэкІэ зэІыха пщагъэ, фІыуэ зэхапщэжри зы сыхьэтрэ ныкъуэкІэ и щхьэр тепІауэ хуабапІэ яГъуэр, тэджьи щхьэкІэ. Абы и уэкьІэ хупщІынэм хакІэ шыгъу зыхэдза джэдыкІэ уда, аргуэру зэ щІапщэжри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ, хуабапІэ яГъуэр дакъикъэ 20-25-рэ хуэдизкІэ. ИтІанэ я Іэр псы щІыІэм хащІэурэ хупщІынэм кьыпачурэ лэкъумыр чыржьи хъурейм хуэдэу ящІ, тебэм ит тхъу кьэпльъам халъхьэри зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хьуху яГьабжьэ. Хуабэу Іэнэм трагъэувэ. Шатэ, кхъуей дашх, шэ, шей драф.

Халъхьэхэр (щІыхунщ Іыхьэ):
Партыху хьэжьигъэу - грамм 560-рэ
Гуэдз хьэжьигъэу - грамм 80
Джэдыкіэу - 4
Шэуэ - грамм 800
Пщагъэу - грамм 64-рэ
Шыгъуу, зэрыбгъэжьэну тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

★Хъуэжъуэхр

Къулькъужьи Ипщэ къуажэм щыпсэу Къущхьэ Хьэбий Абдулчэрим и къуэр къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

ФІыуэ тлъагъу, пщІэ зыхуэтщІ нэхъжьыжьфІыр, адэ гу щабэр, адэшхуэ Іумахуэр укъыщалъхуа махуэр ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм зэрытехуэр тІэунейуэ дэркІэ лъапІэщ. Уи узынщагъэр быдзу, жьыгъэр кьыпщІэмыхьэу, гуауэм упэщІэу, гуфІэгъуэм ущымыщІэу, щІэблэ насыпым ущдежьыфІу, берычэтэр уи Іэнэгъу, узи-плъыр жьэгур хьэщІэ етІысэхьипІэу дуней дахэм гу щыпхуэну дынохьуэхъу икІи илъэсищэ къэбгъэщІэну ди гуапэщи. Тхьэм утхуигъэпсэу!

Шэшэнхэ я унагъэр, уипхъу Маритэ, уи пхъурылъху цІыкІухэу Динэ, Мэжид, Динэ.

Тэрч куейм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм щыпсэу Къарэжь Амалие Албиян и пхъур къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс ирокъури, дохъуэхъу

Ди пщащэ-гуащэм уи Іэфы Іугъуэщи, сабиигъуэ дахэ уиІэну, уи кьэкІуэнэр екІуу, уи фІэрафІагъэм цІыхур итхьэкъуу, Іэщ Іагъэкіэ уцІэрыІуэу, уи Іитіыр фІыгъащІэу, фІыкІэ уи щІэр яІуэтэу, псынэпсэ уи псэр кьабзэу, уи гур щызу, акъылрэ мылъкуКІэ убёйуэ, уи пщІэр лъагэу, нэмысымрэ хабзэмрэ уи гІуаззу, уэркІэ дыгушхуэу гъащІэм лъэ быдзкІэ ухуэвну ди гуапэщи, насыпу щІэм я нэхъ лъапІэмкІэ Тхьэр кьыпхуэупсэну дынохьуэхъу!

Уи адэшхуэ Олег, уи анэшхуэ Жаннэ, уи адэ анэхэу Албиянрэ Маринэрэ, уи адэ шыпхъу Октябринэ, уи анэшхуэм и шыпхъу Къуэжей Ларисэ

Ди газетым и кьыкІэльыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур накьыгъэм и 11-рц.

★ГушыІэхэр

Сыт хуэдэ плъыфэр нэхъыфІ?

Бзылъхугъэр дохутырым дежкІуащ и узынщагъэм кІэлъиІэльпІэныну:

- Кхъыкіэ, щІалэ, кьызджэІэпыкъу. Си нэр узыркъым, ауэ хъурей удзыфэ цІыкІу гъэрэр сытым дежи солъагъу.

- АтІэ сыт хуэдэ плъыфэ нэхъ уфІэфІыр, ди шыпхъу?

ЗэфІэна хъунщ

- ГъэщІэгъэунщ, ди гъунэгъуэхэр махуищ лъандэрэ зэрыгъэкІиякъым.

- ЗэфІэна хъунщ!

Пощтэхьэ

Анэр и кьуэм йоупщІ:

- Дэнэ иджыри кьэс уэздыщІар?

- Мурат сэрэ пощтэхьэ дыджэгуащ. Ди хьэблэм дэсхэм письмо яхуэтхьащ.

- Дэнэ апхуэдиз письмо кьыздифхар?

- Уи шкафым кьыдэтхащ!

Зы жыгыр хадэкъым, зы мывэр сэрейкъым

★Псалъэжьхэр

Зы жыгыр хадэкъым, зы мывэр сэрейкъым.

Къумыкъу.

Шэ пщтырым кьисар шхум йопщэ.

Адыгей.

Кьыпыпча мыІэрысэр пыкІэжыркъым.

Ингуш.

Уи ятэ лъэпэрэпам ущІэмынакІэ.

Шапсыгъ.

Псым хэсмыхьауэ есыкІэ зэбгъэщІэнукъым.

Осетин.

Зи ныбэ изу кьэкІуа хьэщІэр арэзы пхуэщІыркъым.

Балькъэр.

Кьуажэм и фІагъыр, кьуажэбгъум кьыщыбощІэ.

Тат.

Кьуэм хьэмыхьауэ ящІэ, ауэ ящІэ, сымаджэщым ящащ. Абы щІэльу адыгэ ныпыр тхьылъымпІэм трищІыхьащ Сэфарбий, ар Истамбыл дэс адыгэ гуащэхэм яІэрыхьэри, данэ удзыфэм вагъуэ пщыкІутІымрэ щабэщыкІымрэ дыщэ уагъэкІэ хадыкІыжри, хэкум кьаГъэхьащ. Псычыабэ щекІуэКІа, адыгэ лАкъуэ псори зэкІуэлІа хасэшхэм япэу щаІэта нырауэ щытащ. Аращ адыгэ нымым и кьежькІэ хъуар.

Вагъуэ дыщафэ пщыкІутІымрэ щабэщ зэблэдзамрэ зытет данэ удзыфэр адыгэ нымщ, псоми ящІэ ар иджырей Адыгэ Республикэм и кьэрал бэракъыуи зэрыщытыр. Зымахуэ щІалэгъуалэм яІэта ныпыр адыгэ лъэпкъ псоми я нымщ, зыІэта щІалэхэр лъэпкъым и гугъапІэщ, лІыжьгъэгуфІэхэщ, щытхъу зыхуэфащэхэщ.

...ЗэрыжьІэмкІэ, Истамбыл дэс адыгэ гуащэхэм ящІа нымрэ Хэкум кьагъэ-хьар Сихьу Сэхьид и унаеъуэм хьума щыхьащ. Сихьухэ Мунбудж жыла-гъэм (Сирие) дэсщ. Хьыбарыр кьызжезыІар БыжАхьмэдщ. Ар Сирием кьикІыжауэ Налшык щопсэу.

А адыгэ ныпыр сэри слъэгъуакъым,Ахьмэди илъэгъуакъым, ауэ ДыщэкІ Джэмырэ и афэ джанэр слъэгъуащ. Ар щІыунэм щІэлъщ, гъущІ Іэпым къомар зэрыгъэрыгъэльэда щІыкІэр сфІэгъэщІэгъэуну зыкъомрэ сеплъащ, и хьэлъагъри згъэунэхуащ.

«Къоджэм уигъэжейркъым», - жаІэ. Адыгэ ныпыр кьызэрыздэжу щытам хуэдэу, афэ джанэри кьызоджэ, «щІыунэм сыкъыщІэхьи» - жьхуанІэу.

КЪАЛМЫКЪ Адиан.



Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5.** Пасэрей Іэщэ. Ди зэманым абыкІэ спорт зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІ. **6.** Удзыжь зэщІэкІа. **9.** Бжьын, бжьыныж, нэгъуэщІ хадэхэкІэхэр зытрасэ. **10.** Хьэуазэ щІэщэщ. **12.** Ди щІалэм лэжьапІэ увыну ... ищІащ. **17.** Зэгъунэгъуу щыс унагъуэхэр. **18.** Пхъэ сахуэ. **19.** Дзыгъуэ эшхуэм и бий кІэуфІыщІ. **20.** Псым хэс псэущхьэ. **23.** Кхъухьльатэзехуэу щыта адыгэлІ, Совет Союзым и ЛІыхъыжь. **24.** Бжэныфэм кьыхах Іуданэ. **26.** Зи пхъафэр хужь жыг лІэужьыгъуэ. **29.** Гъэмахуэ ... е щІымахуэ ... **30.** ПщІий кьызыпыкІэ жыг. **35.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **37.** Си шым ... кьищтащ. **39.** Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **40.** ЩІалэм сешхыдати, ... щыхьуащ. **41.** Кьуацэчыцэ. **42.** Уеплъмэ, ..., уеджэмэ, дэг у. **43.** ПамыупщІу гъэ телхьа удз. **47.** Кьэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. Кьыззэралъхурэ мы гъэм илъэс 90 ирокъу. **48.** Уэшх кьеплъыкІыу зэман кІыхькІэ щекІуэкІ лъэхъэнэ. **50.** ИкІи нэхъыжькъым, икІи нэхъыщІэкъым. **51.** Дзэлыкъуэ куейм хиубыдэ кьуажэ. А цІэр зезыхьэ жылэ Къэрэшей-Шэрджэсми щыІэщ. **52.** «ПыІэ ... плъыфэм уи фэр изэпльри, лъахьшэу щхьэрызокъуэ ...» - Къэжэр Идрис и уэрэд цІэрыІуэм щыщщ.

Кьехуу: **1.** ШІэпым кьыхах. **2.** Анэкьилъху. **3.** Зи ... исым и уэрэд жеІэ. **4.** Бгыпэ, нэпкъ. **7.** Шэджэм куейм щыщ адыгэ кІуажэ. **8.** Гъатхэм пасэу кьэльэтэж кІуалэзэ у. **11.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжьІэмкІэ, зыщщышнэн щымыІэмэ, ар Іуащхьэм докІ. **13.** Пасэрей фочь, щІвучкІэ яГьауэ. **14.** Сабийр зарагъэудэлу. **15.** Хадэх жьІ. **16.** Дызытет, дыщыпсэу щІылъэр. **21.** Шым и кІуэкІэ. **22.** Пхъэ бжэмышхьшхэр. **25.** ЩІэдыхьэшхьын ущІэну зэвэни зыхэтІ Іуэку, кьэхъукьащІэ. **27.** Махьсыкъэм и щІэтІысыкІ. **28.** ... щыкІу бжьакъуэшхэ. **31.** Гъэм и зэман. **32.** Псы Іуфэхэм, мэкъупІэхэм щыпсэу кьуалэбз у щыкІу, дахэ-дахэу мылъэтэфу. **33.** Дэрбзэр Іэмэпсымэ. **34.** ГъущхьэкІ лъапІэ, дыщэм нэхъри нэхъ пуду. **36.** Пасэрей кьыбарегъащІэ Іэмал. **37.** Кьэбэрдей тхакІуэ. Е ди щІынальэмэ, кьэрал куэдми щыпсэу лъэпкъ. **38.** Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **39.** Бын. **44.** Кьэбэрдей усакІуэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакІуэ. **45.** Уафэм кье х мыл тыкъыр щыкІу. **46.** ЩІэжьым щымыщ кусэ щыкІу. **48.** « ... Мурат» - адыгэ уэрэдыжьк. **49.** Пышынэм и сэмэгурабгъу льэныкъуэм тет «Іэпэ».

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: 1. Сонэ. **6.** Адэжь. **9.** Джэрпэджэ. **10.** Нысэпсу. **12.** Лъэрыгъ. **13.** Щхьэжэ. **14.** Пшынэ. **15.** Нэмыс. **18.** Махьшэ. **20.** Жалыдж. **22.** Іимам. **23.** Данэ ху. **24.** Хьэсэгъу. **26.** Бээр. **27.** Кьэзан. **30.** Хьэрыпт. **33.** Оперэ. **35.** Ушхэ. **36.** КьыпщІэ. **37.** Дирижер. **38.** Нану. **39.** Пэщэ.

Кьехуу: **1.** Сено. **2.** «Насыпи». **3.** Іэпщэ. **4.** Хьисэп. **5.** Гъэсэн. **7.** Дурыс. **8.** Жьагъэ. **11.** ГъущыкІэ. **12.** Лъэмыж. **16.** «Назирэт». **17.** Дыхьэрэн. **19.** ЩІащІэ. **21.** Аранэ. **25.** Гъуэдж э. **26.** Бэракъ. **27.** Кьэзэн. **28.** Номин. **29.** «Зенит». **30.** Хьэсет. **31.** Пыпхэ. **32.** Иуан. **34.** ХьэщІэ.

★Фэ фщІэрэ?

Псэлъафэхэм къарыкІыр

Зи Іыхьэ зыфІэмащІэм хьэм фІеших. ЦІыхум кьемэщІэкІым зыгуэр кьыщыхэІэбэм е щыхэкІыжьыпэм деж жаІэ хабзэщ.

Уэзнынэ нэхърэ - лъэхъуэмбыщІэ. ПщІэ зиІэ, сэбэныпхуэ зыпыльэ гуэр зыІэрыбГъэхъэ щымыхьэм деж щыІэмкІэ, кьоХъулАмкІэ арэзы уохъу.

МащІэм зэ ихуар набгъэщи, тІэу ихуэр нэфщ. Зэ ищІа щыуагъэ дыдэр аргуэрыжьу зыІэщІэщІэр хэзыкъухь псэлъафэщ.

МащІэрэ Іэфу. «Куэдщ ар, ирикъунщ» жьхуанІэщ. ЩІыбгъэтыжьну зыгуэрым и чэзу хьуауэ кьыщалъытэм деж жаІэ.

Джэд нэхърэ джэдыкІэ нэхъ Іущщ. НэхъыщІэр нэхъыжьым нэхьрэ нэхъ губзыгъэу, нэхъ акъылыфІэу щытынкІи мэхъу.

ЩАУЭ Къэлидар.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжьыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ я къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щхьэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ Іапі эхэм ядэлъэхьымкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; етъэжьныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэхІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм изу жэуап яхь. Авторхэмр редакцэмр я Іуэху епльыкІэр зэтеухуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ щІэ дальщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щІымкІэ жэуап ех. КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыдзэгъаэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу БатІитІэ Марьят. *Компьютерхэм газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, ЩомахуэМарианэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531●Тираж 10.002●Заказ №1221